



Department of
Education

Carmen Fariña, Chancellor

Egzamen matematik pwogram egzamen Eta Nouyòk

Konprann Rapò endividyèl elèv Individual Student Report (ISR) pou matematik

Chak ane, Eta Nouyòk bay egzamen ELA ak matematik pou elèv nan eta a ki nan klas 3yèm rive 8yèm ane. Anplis satisfè egzijans federal ak eta a, egzamen ki respekte nòm debaz inivèsèl *Common Core* ede tou mezire pwogrè anyèl elèv ak lekòl yo. Fanmi yo ka gade rezilta elèv pou egzamen sa yo nan kont lekòl Vil Nouyòk NYC Schools Account (<https://www.mystudent.nyc/>) yo oswa si yo mande yon *Individual Student Report* (ISR) nan lekòl timoun lan. Dokiman sa a eksplike eleman ki nan rapò ISR lè yo itilize yon ISR pou klas 3yèm ane kòm egzanp.

Paj 1: Rezime Rezilta Elèv

<p>Nivo Pèfòmans Eta Nouyòk fikse Nivo Pèfòmans 4, 3, 2, ak 1 pou mezire nòt nan egzamen an. Elèv ka fè nòt Nivo 4 jiska Nivo 1 nan egzamen an, depann <i>scale score</i> yo (gade tablo pi ba a). Gade pi ba nan paj sa a pou definisyon chak kat Nivo Pèfòmans yo. Pou referans sou nivo pèfòmans pitit ou a nan matematik pou 2014 se: Nivo se : X 2</p>	<p>Nivo 3 Eta Nouyòk <i>Byen</i></p>	<p style="border: 1px solid black; padding: 5px; text-align: center;">1</p>
<p>Klasman Pèfòmans Evalyasyon Pèfòmans endike kote yon elèv klase nan yon Nivo Pèfòmans anpatikilye. Klasman yo soti nan 1,0 pou rive nan 4,5.</p>	<p style="text-align: center;">3,5</p>	<p style="border: 1px solid black; padding: 5px; text-align: center;">3</p>
<p>Scale Score Yo mete Pèfòmans elèv nan egzamen an nan yon <i>Scale Score</i> total. <i>Scale Scores</i> soti nan 137 pou rive nan 397.</p> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; margin: 10px auto; width: fit-content;"> <p>Kategori Nòt echèl egzamen Matematik Eta Nouyòk pou klas 3yèm ane</p> <p>Nivo 4 : 397 - 340 Nivo 3: 339 - 314 Nivo 2: 313 - 285 Nivo 1: 284 - 137</p> </div>	<p style="text-align: center;">330</p>	<p style="border: 1px solid black; padding: 5px; text-align: center;">4</p>
<p>Echèl percentile Vil Nouyòk Yo afiche echèl <i>percentile</i> la an <i>quartile</i> ; li endike si pèfòmans pitit ou tonbe nan 25 % elèv ki fè nòt pi ba (0-25%), ant 26 % ak 50 %/ ant 51 % ak 75 %, oswa nan 25 % elèv ki fè pi gwo nòt (76 %-100 %) tout elèv nan Vil Nouyòk ki nan nivo klas pitit ou a epi ki pran egzamen sa a.</p>	<p style="text-align: center;">76-100%</p>	<p style="border: 1px solid black; padding: 5px; text-align: center;">5</p>
<p>Echèl Percentile total Eta a Menm jan ak pi wo a, eksepte ke echèl sa a endike pèfòmans pitit ou a pa rapò ak tout elèv nan Eta Nouyòk ki nan nivo klas pitit ou a epi ki pran egzamen sa a.</p>	<p style="text-align: center;">8</p>	

1 [Nivo Pèfòmans](#)
 Yo bay elèv yo yon Nivo pèfòmans Performance Level dapre *Scale Score* li te genyen nan egzamen an. Gen kat *Performance Levels* posib: Nivo 4 NYS(*depase pèfòmans*), Nivo 3 NYS(*nan nivo pèfòmans*), Nivo 2 NYS(*anba nivo pèfòmans*), ak Nivo 1 NYS (*jis anba pèfòmans*). Pou w ka jwenn yon deskripsyon konplè chak nivo pèfòmans yo, tanpri gade anba paj 1 nan *Individual Student Report* la. Pou w jwenn yon deskripsyon detaye kapasite, konesans ak metòd tipik elèv nan chak *Performance Level*, tanpri ale sou <http://www.engageny.org/resource/performance-level-descriptions-for-ela-and-mathematics>.

2 [Nòt pèfòmans pou 2014](#)
 Si pitit ou a gen yon nòt pèfòmans nan egzamen yo te bay an 2014 la, nòt li fè a ap la a. Si li pa la, tèks sa a ap di nòt la pa disponib epi y ap mande paran an pou li ale nan lekòl pitit li a si yo panse se yon erè.

3 [Klasman Pèfòmans](#)
 Klasman pèfòmans lan ki ka klase ant 1.0 ak 4.5, montre kote yon elèv tonbe nan yon nivo pèfòmans patikilye. Paegzanp, yon *Proficiency Rating* 2.5 endike yon elèv te fè nòt nan Nivo Pèfòmans 2 avèk yon *Scale Score* 50 % ant nòt nivo pèfòmans 2 ak nòt nivo pèfòmans 3 ki pi wo a. Pou Pèfòmans Nivo 4, *Proficiency Rating* pi wo ki posib se 4.5.

4

Scale Score

Yo kalkile Scale Score ak kantite pwen yon elèv te fè nan egzamen an. Objektif yon nòt echèl *Scale Score* se asire rezilta egzamen yo vle di menm bagay ane apre ane menm si elèv ki pran egzamen yo ak egzamen yo diferan chak ane. Plis pitit ou a fè gwo pwen, se plis li gen gwo *Scale Score*. *Scale Scores* fè plis sans lè yo asosye yo avèk yon nivo pèfòmans. Tablo ki pi ba a bay echèl *Scale Scores* pou chak klas, ansanm ak *Scale Score* pitit ou a ta bezwen pou l satisfè pèfòmans y ap tann nan nivo klas li epi pou l ka sou wout preparasyon pou kolèj ak karyè.

Echèl ak nivo pèfòmans Scale Scores dapre klas

	Klas					
	3	4	5	6	7	8
Echèl <i>Scale Scores</i>	137-397	137-405	127-415	125-411	124-398	124-400
<i>Scale Scores</i> ki pi gwo oswa ki egal ak valè sa vle di Pèfòmans (Nivo pèfòmans 3)	314	314	319	318	322	322

5

Kategori Percentile Vil Nouyòk

Kategori *percentile* Vil Nouyòk endike jan yon elèv travay nan egzamen an lè yo konpare l avèk lòt elèv ki te pran menm egzamen sa a nan menm klas ak menm matyè debaz nan lekòl leta Vil Nouyòk. Yo afiche *percentile range* an *quartiles*. Sa vle di ke li endike si pèfòmans pitit ou a tonbe anba 25%(0 - 25 %) tout elèv yo, ant 26 % ak 50 %, 51 % ak 75 %, oswa nan premye 25 % ki nan tèt yo (75 - 100 %) tout elèv nan Vil Nouyòk pou matyè sa a ak klas sa a. Paegzanp, si pitit ou a fè nòt ki klase nan twazyèm quartile (51% -75 %) onivo Vil la, sa vle di li fè yon nòt egal oswa pi wo pase 51 % epi jiska 75% elèv nan Vil Nouyòk.

6

Klasman Percentile total Eta a

Overall State Percentile Range endike jan yon elèv pèfòme nan egzamen an lè yo konpare l avèk lòt elèv ki te pran menm egzamen sa a nan menm nivo klas ak nan menm matyè nan Eta Nouyòk. Yo afiche enfòmasyon sa a an *quartiles*. Pou plis enfòmasyon sou *quartiles* sa yo, tanpri gade deskripsyon *Percentile Range* Vil Nouyòk.

Lòt enfòmasyon konsènan pèfòmans pitit ou a

Operasyon ak Rezònman Aljebrik

Elèv fè militiplikasyon ak Divizyon avèk 2 chif.
 Elèv konprann karakteristik militiplikasyon ak rapò ant Militiplikasyon ak Divizyon
 Elèv rezoud pwoblèm kote gen kat operasyon yo—adisyon, soustraksyon, militiplikasyon, ak divizyon—epi yo idantifye ak eksplike modèl nan aritmetik.

Nonb ak Operasyon – Fraksyon

Elèv rekonèt fraksyon antan nonb, konprann ke yo fòme yon fraksyon lè yo divize yon nonm antye an plizyè pati egal.
 Elèv rekonèt epi ka bay fraksyon ekivalan.
 Anplis, elèv konpare de fraksyon avèk menm nimeratè oswa menm denominatè.

Mezi ak Done

Elèv rezoud pwoblèm ki gen mezi ak estimasyon entèval tan, volim likid ak mas objè.
 Elèv konprann tou konsèp sifas volim epi fè rapò ant sifas avèk militiplikasyon ak adisyon.

Pwen pitit ou a fè
 Nimewo posib
 Pwen anmwayèn elèv pran nan Nouyòk

25 27 17

8 12 6

10 12 8

7

7

4 Sou-nòt subscores nan domèn Matematik:


Yo divize pwen egzamen matematik yo an twa *subscores* yo rapòte. *Subscores* sa yo mezire matyè prensipal pou klas la, ke yo òganize dapre domèn (paegzanp, Operasyon ak Rezònman aljebrik). Yo kalkile *subscores* domèn yo dapre pwen elèv fè nan gwoup kesyon ki evalye matyè prensipal yo. *Subscores* yo varye dapre klas paske li obligatwa pou demontre diferans nan konesans ak kapasite elèv nan chak klas. Tanpri gade pi ba a pou wè domèn yo rapòte nan chak klas.

Klas	Kategori Rapò		
	1	2	3
3	Operasyon ak Rezònman aljebrik	Nonb ak Operasyon-Fraksyon	Mezi ak Done
4	Operasyon ak Rezònman aljebrik	Nonb ak operasyon nan Baz Dis	Nonb ak Operasyon-Fraksyon
5	Nonb ak operasyon nan Baz Dis	Nonb ak Operasyon-Fraksyon	Mezi ak Done
6	Ratio ak relasyon pwopòsyonèl	Sistèm nonb lan	Ekspresyon ak ekwasyon

7	Ratio ak relasyon pwopòsyonèl	Sistèm nonb lan	Ekspresyon ak ekwasyon
8	Ekspresyon ak ekwasyon	Fonksyon	Jewometri

8 Pwen pitit ou fè nan Domain Subscores
 Kantite pwen pitit ou a fè nan **Domain Subscores** reprezante kantite **pwen pitit ou a fè** nan kesyon ki mezire domèn byen presi yo (paegzanp Operasyon ak Rezònman aljebrik). Pitit ou a fè yon pwen pou chak kesyon chwa miltip li byen reponn. Pitit ou a ka fè plizyè pwen pou chak kesyon ak repons ki konstwi.

Gen de tip kesyon-repons konstwi: repons kout (maksimòm 2 pwen) ak repons elabore (maksimòm 3 pwen). Pwofesè yo evalye repons chak elèv pou kesyon sa yo. Yo ajoute pwen elèv fè nan kesyon ak repons konstwi yo sou kantite kesyon a chwa miltip li reponn byen pou l egal ak pwen pitit ou a fè nan *Domain Subscores*. Gade egzanzan pi ba a.



9 Kantite pwen posib nan Domain Subscores
 Kantite pwen posib nan *Domain Subscores* dekri kantite pwen **total** ki mezire domèn presi sa a nan yon egzamen anpatikilye. Sa gen ladan tout pwen posib ki nan kesyon ak chwa miltip yo ak kesyon ki gen repons konstwi yo nan domèn sa a. Yo ka konpare kantite sa a avèk *Kantite pwen pitit ou a fè nan Domain Subscores*. Paegzanp, si kantite pwen posib la pou Operasyon ak Rezònman aljebrik se 27 ep pitit ou a fè 25 pwen nan kesyon ki mezire domèn sa a (nòt 25 sou kantite pwen pitit ou a fè), kidonk li rate yon total 2 pwen nan domèn Operasyon ak Rezònman aljebrik.

10 Pwen anmwayèn elèv pran nan Nouyòk
 Pwen mwayen elèv la fè nan Nouyòk nan domain subscore rapòte kantite pwen **mwayen** elèv fè nan eta Nouyòk. Yo ka itilize nonb sa a pou konpare pèfòmans pitit ou a ak pa lòt elèv nan Eta Nouyòk ki te pran egzamen Matematik nan klas li. Paegzanp, si pitit ou a te fè 25 pwen nan Operasyon ak Rezònman aljebrik, sa vle di li fè uit pwen anplis nan Operasyon ak Rezònman aljebrik pase elèv mwayen nan Eta a. Tanpri sonje ke li posib pou yon elèv fè plis pwen pase elèv mwayen ki pran egzamen matematik la nan klas 3yèm ane nan yon domèn patikilye epi yo ka toujou konsidere li pa pèfòmans nan domèn sa a.